

Berlakach Ramadhan

Raketkeun Deui Silaturahmi

ALHAMDULILLAH wa syukrullah, urang sdaya salaku kaum muslimin ngaraos reueus parantos ditepangkeun deui sareng sasih Ramadhan (1440 H), hiji sasih anu kalintang agung, mulya, pinuh kabarokahan tur pinuh ku magfiroh. Ku barokahna sasih Ramadhan sagala rupi amal ibadah nu dilaksanakeun dina sasih Ramadhan, ganjaranana ku Allah Swt bakal dilipatgandakeun sakumaha diringakeun dina hadis qudsi: "Allah Swt, ngadawuh: Satiap anal kahadéan ngabogaan patihala sapuluh kali lipet nepi ka tujuh ratus kali lipet, kajaba ibadah puasa, sabab saenyana ibadah puasa mah keur Kaula, sabab saenyana ibadah puasa mah Kaula nu bakal méré ganjaranana." (HR. Bukhari). Kukituna bakal ngarasa rugi pikeun umat Islam lanun. teu bisa ngamanfaatkeun/ngalaksanakeun ibadah shaum dina bulan Ramadhan, (kajaba nu aya halangan samisal udur, haid —datang bulan, pikeun kaum hawa— jeung sajabana).

Salian ti kitu, ogé sasih Ramadhan tahun 1440 H ayeuna kénging disebatkeun sasih khusus pikeun nagara urang, alatana bakal dibewarakeuna hasil iitungan atau real count (RC). Pemilihan Legislatif (Pileg) jeung Pemilihan Presiden (Pilpres) 22 Méi 2019 mareng jeung peutingan mifeling lungsumra



DR. H. TATANG IBRAHIM, M. P.D

Pengamat Dunya Atikah

Raketkeun...

kitab suci Alquran atanapi peutingan Nuzulul Quran nyaéta 17 Ramadhan 1440 H (iwal mun aya halangan, bisa baé robah dibéwarakeuna). Mugia ku dibéwarakeuna RC Pilég/Pilprés taun ayeuna (2019) dina peutingan Nuzulu Quran, sing ngajantenkeun cukang lantaran pikeun niiskeun sahengna suhu pulitik di nagara urang. Lamun téa mah saméméh pamilihan Calég/Pilprés aya blok-blokan, saeunggeusna

mah kudu ngatiijí deui, parheuyeuk-heuyeuk deui. Ayaparibasa sareundeuk saigel sabobot sapihanéan sabata sarimbangan. Hartina kudu sauyunan, layout tara aya pacengkadan. Raketkeun deui duduluran sabab jalma nu daék ngawangun duduluran ku Allah Swt bakal dipampangkeun rizkina jeung dipanjangkeun umurna, sakumaha pidawuh Rasulullah Saw nu hartosna: "Sing saha nu hayang dimurahkeun rizkina jeung dipanjangkeun umurna, maka kudu daék silaturahim (nyieun dudu-

ran)". (Muttafaqun éalaahi). Sabaliknya jalma nu megakeun silaturahim atawa teu daék nyieun duduluran, maha éta jalma moal asup ka sawarga, sakumaha hadis Rasulullah Saw. anu hartosna: "Moal asup sawarga ka jalma nu sok megatkeun silaturahim" (Muttafaqun alaihi).

Mugia urang bangsa Indonesia dipaparinan pamimpin nu ngagaduhan sifat sidik (bener), amanah (bisa diperaya, tara ngabohong), fathohnah (pinter), dan tabligh (nepikeun berita kalayan bener, jujur). Amin. ***